

Sipòte lang ak alfabetizasyon

9 mwa: Bati vokabilè atravè jwèt ak repete

Aprann pale se pa yon pwosesis pasif. Tibebe aprann lang lè yo jwe avè l. Bouch yo dwe pratike fè son epi mete son sa yo ansanm pou fòme mo ak fraz. Yo bezwen imite ou plizyè fwa epi yo bezwen anpil fidbak. Pou aprann lang, yo bezwen ou! Lè se kesyon tibebe ou k ap aprann lang, pa gen okenn aparèy elektwonik oswa aplikasyon ki ka ranplase moman li sou jenou ou.

Konsèy ak Aktivite



Mete mo oswa ti modèl son senp ansanm ak jès, pa egzanp bat men oswa di ‘*ba-ba-ba*’ pou ankouraje pitit ou sèvi ak son konsòn yo.



Jwe “peek-a-boo”



Eksplòre makèt la:
Montre tibebe a epi di li sa ou wè ak sa ou ap achte.

Repete son tibebe a epi di yon mo ki sèvi ak son an—lè tibebe a di “*baba*” lè li wè yon boutèy → ou di, “*Wi. Baba. Boutèy.*”



Dekri sa tibebe a ap gade oswa sa li ap jwe avè l.

Sèvi ak nouvo mo anpil fwa epi nan diferan kontèks.

Etap tipik langaj



Rekonèt demann ki senp, non pa yo, ak non moun ak objè yo abitye avè yo.

Montre enterè ak jès (*lonje dwèt, leve bra pou yo pran yo*) ak son.

Sèvi ak plis divèsite nan son, pa egzanp *mamama, upupup, oswa bababa*.

Kopi son ak jès lòt moun, pa egzanp *souke tèt li pou di “non”*.

Patisipe nan jwèt tankou “peek-a-boo” ak “pat-a-cake”.

Patisipe nan komunikasyon ale-vini.

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.

.....



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:

**Pa reponn
lè li tande son
oswa vwa**



**Pa
Pa fè
babil**

**Pa
enterese
entèaji ak
lòt moun**

**Pa kenbe
kontak je
pandan y ap
jwe ansanm**

**Pa reponn
lè yo rele
non li**

Sous: pathways.org

**Lòt resous
anplis**

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)